

**NeMutungamiri  
Dieter F. Uchtdorf**  
Mutevedzeri Wechipiri  
muHutungamiri Hwekutanga



# Musangano Mukuru—Harisi Rinongova Ropafadzowo Zvaro

**I**mwe nhengo yakanaka yeChechi yakanga ichitaura nemuvakidzani akanga asiri wechitendero chedu. Pakapindikira nyaya yaikurukurwa kumusangano mukuru, muvakidzani akabvunza, “Unoti mune vaprofita nevaapostori? Uye kaviri pagore mumusangano wepasi rose vanoziyisa shoko raMwari?”

“Ndizvozvo chaizvo,” nhengo yakapindura nesimba”

Muvakidzani akafunga pamusoro pazvo kwekanguva. Akaratidzika kuva nechido chekuziva chechokwadi akabva abvunza, “Vakati kudii mumusangano mukuru wakapfuura?”

Panguva iyi nhengo yakanaka yeChechi yakabva pakunzwa manyukunyuku pamusoro pekugovera vhangeri kuenda kukunzwa kunyara. Nokuedza kwake kose, akatadza kufunga zvaiva munhaurwa imwechete zvayo.

Shamwari yake yakanetseka nazvo uye ikati, “Unondidza kuti Mwari Vanotaura nevanhu mumazuva edu asi haukwanise kuyeuka zvaVakataura?”

Bhuratha ava vakanzwa kuninipiswa nekupindurana uku. Akavimbisa kuti aizoita zvirinani kuyeuka mashoko anotaurwa nevaranda vaIshe mumusangano mukuru.

Tose tinoziva kuoma kwazvakaita kuyeuka rose shoko remusangano mukuru, uye ndine chokwadi kuti hatifanire kunyara kana tikasayeuka zvinhu zvose. Zvisinei, mumusangano mukuru wega-wega mune mashoko anopihwa sechipo neropafadzo kubva kudenga akanganana nemamiriro eupenyu hwedu pachedu.

Mukugadzirira musangano mukuru, regai ndipe mazano akakosha matatu angangotibatsira kutambira, kuyeuka, nekushandisa zvirinani mashoko anotaurwa nevaranda vaIshe.

## **1. Nhengo dzeChechi dzine kodzero yekududzirwa kwavo pachavo apo vanoteerera nekudzidza mashoko akafemerwa anotaurwa pamusangano mukuru.**

Apo munogadzirira musangano mukuru, ndinokukokai kufungisisa mibvunzo yamunoda kuti ipindurwe. Semuzaniso, mungangoshuva kurairwa nekutungamirwa naIshe pamusoro pezvinetso zvamurikutarisana nazvo.

Mhinduro kuminamoto yenyu inokwanisa kuuya kubva muneimwe nhaurwa kana munechimwe chikwata chemazwi. Panedzimwe nguva mhinduro dzingangouya kubva muizwi, muchikwata chemazwi, kana murwiyo izvo zvingangoratidzika sezvisinei neminamoto yenyu. Mwoyo uzere nekutenda maropafadzo eupenyu nechido chechokwadi chekunzwa nekutevera mazwi erairo zvinogadzirira nzira yekuzivisa kwako pachako.

## **2. Musashaya hanya neshoko nokuda kwekuti rinoratidzika semakamborinza.**

Vaprofita vakagara vachidzidzisa nokudzokorora; mutemo wekudzidza. Muchanzwa kudzorora mumsoro yenyaya nedzidziso mumusangano mukuru. Regai ndikuvimbisei kuti: izvi hazvisi nokuda kwekushaya

mazano kana kutadza kufunga zvimwe. Tinoramba tichinzwa mashoko pamusoro penyaya dzakafanana nokuti Ishe vari kudzidzisa nekusimbisa papfungwa dzedu nemwoyo yedu mimwe misimboto yekutanga yakakosha zvikuru pane zvokusingaperi iyo inofanira kunzwiswa nokuitwa tisati taenda pane zvimwe zvinhu. Muvaki akachenjera anotanga aisa hwaro asati avaka madziro nedenga.

### 3. Mazwi anotaurwa pamusangano mukuru anofanira kuva kambasi inotinongedzera nzira mumwedzi iri kuuya.

Tikateerera nekutevera kukurudziro dzeMweya, dzinozoshanda seRiahona, dzichititungamirira mune-zvisingazivikwane, munhika nemumakomo zvinonetsa zviripamberi (ona1 Nifai 16).

Kubvira pakatanga nyika, Mwari vakamutsa vaporefita vanotaura chido chedenga kuvanhu venguva yavo. Ibasu redu kuteerera nekuzoshandisa mashoko anopihwa naIshe kwatiri.

Baba vedu Vekudenga vanenyasha nerudo havanaku-siya uye havazosiya vana Vavo. Nhasi, uye nemunguva dzakapfuura, Vakagadza vaapositori nevaporofita. Vanoramba vachizivisa shoko raVo kwavari.

Mukana wakanakisa sei kunzwa mashoko aMwari emumwe nemumwe wedu mumusangano mukuru! Ngatigadzirirei zvakanaka ropadzo guru iri rekutungamirwa kutsvene kunopihwa nevaranda Vavo vakasarudzwa.

Nokuti iri harisi rinogova ropafadzowo zvaro.

---

#### KUDZIDZISA KUBVA MUSHOKO RINO

- Verengai chinyorwa ichi pamwechete. Kurudzirai mhuri kuti itsvage zvinhu zvekuteerera mumusangano mukuru.
- Kubatsira vana vadiki kuti vashandise rairo yakapiwa neMutungamiri Utchdorf, varatidzeyi chati yeVatungamiri Vakuru (inowanikwa muchinyorwa chemusangano che *Riahona*). Itai vazive kuti Vatungamiri Vekutanga neChikwata cheVaapositori Gumi nevaviri vachange vachitaura mumusangano mukuru. Kurudzirai vana kuteerera kumusangano uye voita mufanidzo unovabatsira kuyeka zvakakadzidza. Vabereki vanokwanisa kushanira [conferencegames.lds.org](http://conferencegames.lds.org) kuti vawane zvimwe zvekuita zveumusangano zvevana.

## VECHIDIKI

### Zvakanaka, Zvakanakisa, Zvakanakisisa

NaMary-Celeste Lewis

Munhaurwa yake yemusangano mukuru waGumiguru 2007, Gosa Dallin H. Oaks veChikwata cheVaapositori Gumi Nevaviri vakataura nezvekuita “zvakanaka, zvakanakisa, uye zvakanakisisa.” Pavakasvika pachikamu chepamusoro “pekuwanziswa kwezvirongwa zvekuita zvevana,” ndakanzwa kunyara nemhosva ndiri muchigaro changu.

Ndakaziva kuti ndaiita zvakanakawandisa. Ndaiva mumitambo yechikoro, ndichitora zvidzidzo zvinogozha muchikoro, uye ndaiva munezvimwe zvokuita zvakanakawanda. Ndakanga ndisingaende zvakanakawanda kumusangano yeVasikana Vechidiki, uye misi yeSvondo yangu yakanga izere nekunetseka kwekuedza kupedza nenguva diki basa rechikoro rinoitirwa kumba. Kudzidzira mumhanzi nekugadzirisa zvinyorwa zvebepanhau rechikoro zvakanakawanda zvarasikirwa nemwero wazvo wekunakidza uye zvakanakawanda zvakavabasa.

Nhaurwa yaGosa Oaks yakaita kuti nditarise zvakanakawanda zvirongwa zvangu zvekuita. Zvekuita zvangu zvakanakawanda, asi zvakanakawanda zvakanakawanda. Ndakasarudza zvakanakawanda zvacho. Apo ndaiedza kusarudza kuti ndezvipi zvekuita zvekusiya, ndakaona kuti vhangeri raJesu Kristu rakanga riri chekutanga chakanakawanda chinokwanisa kuvanaani zvake. Ndakaaisa munamoto nekudzidza magwaro matsvene pamusoro pehurongwa hwezvinhu hwangu, uye kubva ipapo, upenyu hwangu hurikufamba zvakanakawanda zvirinani.

Gosa Oaks vakandizidzisa kuti kana tichiita izvo zvinodikanwa nalshe kuti tiite *kutanga*, zvimwe zvose zvinopinda munzvimbo zvakanakawanda. Kana ndikadzidza magwaro angu matsvene ndisati ndatamba mitambo kana kunyange ndisati ndaita basa rangu rechikoro rekuitira kumba, zvose zvinokosha zvinoitwa. Kana ndikamisa upenyu hwangu panalshe, kunze kwekuVaiva kwekupedzisira, upenyu hwangu hunemwero wakawedzwa werunyararo nebudiriro.

Iye zvino ndavakunyatsoteerera kurairo inopihwa pamusangano mukuru!

## **Ndinokwanisa Kuwana Mhinduro kuburikidza neMusangano Mukuru**

**M**utungamiri Uchtdorf vanodzidzisa kuti kana ukafunga mimwe mibvunzo musangano mukuru usati waitwa, Ishe vanokwanisa kutaura kwauri kuburikidza ne vaporofita nevaapositori Vavo munguva yemusangano.

1. Semhuri kana kirasi, kurukurai zvamunoda kudzidza, semunhu pachake kana pamwechete. (Semuenzaniso: Ndinosingbisa uchapupu hwangu sei? Ndinogadzirisa sei dambudziko kuchikoro?) Pabepa kana mubhuku rejonari, nyora pasi mibvunzo yako.
2. Mumasvondo anoteverwa nemusangano, unokwanisa kufunga nekunamata pamusoro pemibvunzo iyi.
3. Nyatsoteerera mumusangano (zvingangobatsira kunyora manotsi). Zvino wozonyora kuti Ishe — kuburikidza nevatungamiri veChechi — vapindura sei mibvunzo yako.
4. Pane rimwe bepa, unokwanisa kuita mufananidzo wako iwewe uchiita zvawadzidza.



Rutendo • Mhuri • Rubatsiro

# Kusimbisa Mhuri nemuKuwedzera zveMweya

*Dzidza chinyorwa chino uye, pazvinoita, chikurukure nemasisita amunoshanyira. Shandisa mibvunzo yacho kuti ikubatsire kusimbisa masisita enyu uye kuita kuti Chita cheRubatsiro chive chikamu chinoshanda cheupenyu hwenyu pachenyu.*

**J**ulie B. Beck, Mutungamiri Mukuru weChita cheRubatsiro, akati: “Mandiri makura uchapupu hwakasimba hwekukosha kwevanasikana vaMwari. . . ndinozwa kuti hakuna kumbove nekudikanwa kukuru kwerutendo rwakawedzerwa nerurami hwakawedzerwa hwako pachako. Hakuna kumbova nekudikanwa kukuru kwemhuri nedzimba dzakasimba.”

Masisita anokwanisa kubatsira kumisa dzimba nemhuri dzakasimba apo vanoshandisa kuziviswa kwavo pachako. “Kwaniso yekukodzera, kutambira, nekushandisa kuziviswa kwako pachako ndihwo hunyanzvi humwechete hunokoshesesa hunokwanisa kuwanikwa muupenyu huno,” Sisita Beck vakaenderera mberi. “Kukodzera Myeya waMwari kunotanga nechido cheMweya iwoyo uye zvinoratidza mumwe mwero wekodzero. Kuchengeta mirairo, kutendeuka, nekuvandudza zivbumirano zvakaitwa parubhabhatidzo zvinotungamirira kuropafadzo rekuva neMweya waIshe uinesu nguva dzose. Kuita nekuchengeta zivbumirano zvetemberi zvinowedzerawo ushingi nesimba remweya kuupenyu hwemukadzi. Mhinduro zhinji kumibvunzo yakaoma dzinowanikwa nekuverenga magwaro matsvene nokuti magwaro matsvene ndiwo rubatsiro kukuziviswa. . . .

Kunamata mazuva ose kwakakosha pakuva neMweya waMwari uinesu.”<sup>1</sup>

Tinosimbisawo nhengo dzemhuri dzedu pamweya apo tinovabatsira kunzwisisa chirongwa chaBaba Vekudenga chekusingaperi. “Chii chatingaite kugadzirira vana vedu zvirinani pamweya kuitira mabasa avo ekusingaperi?” vakabvunza Gosa M. Russell Ballard veChikwata cheVaapostori Gumi Nevaviri. “Zvichida mhinduro yakanyatsokwana ndeyekuti: Vadzidzisei kurarama misimbotei yevhangeri.” Kudzidzisa uku kunouya kuburikidza nomunamato mazuva ose, nokudzidza magwaro matsvene, uye munguva dzekudya dzemhuri pamwepo nemunguva yemhuri pamba manheru uye nokuenda kuChechi svondo rega-rega. Gosa Ballard vanotsanangura: “Tinogadzirira upe nyu husingaperi, iyezvino, zuva rega-rega. Kana tisiri kugadzirira upenyu husingaperi, tirikugadzirira chimwe chinhu chakaderera, zvichida chimwe chinhu chakanyanyisa kuderera.”<sup>2</sup>

## **Kubva muMagwaro Matsvene**

Zvirevo 22:6; 1 Johane 3:22; Dzidziso neZvibvumirano 11:13–14; 19:38; 68:25

## **Kubva muNhorondo Yedu**

Muporofita Joseph Smith vakadzidzisa masisita mumusangano weChita cheRubatsiro waKubvumbi 1842 kuti

vanesungiro inoyera yekutsvaga ruponeso rwavo pachavo. Vakati, “Mushure merairo [yangu], munenge mavakuzozvipindurira pazvitadzo zvenyu; rukudzo runodikanwa kuti mufambe saizvozvo pamberi paBaba vedu vekudenga kuti muzviponese; tese tinopindura kuna Mwari nenzira yatinonatsa chiedza neuchenjeri zvinopihwa naIshe vedu kuti tikwanise kuzvinopenza.”<sup>3</sup> Vakavadzidzisa kuva vanhu vakarurama, kuva vanhu vatsvene, uye kuti vagadzirire zvisungo nezvibvumirano zvetemberi.

## **ZVINYORWA**

1. Julie B. Beck, “Uye pamusoro peVarandakadzi muMazuva Iwayo Ndichadururira Mweya Wangu,” *Liahona*, Chivabvu 2010, 10, 11.
2. M. Russell Ballard, “Kukudzidzira zveMweya,” *Ensign*, Mbudzi 1978, 65, 66.
3. *Dzidziso dzeVatungamiri veChechi: Joseph Smith* (2007), 355.

## **Chii Chandingaite?**

1. Ndingabatsire sei masisita angu kuwedzera mukuzviriritira pane zvemweya?
2. Ndinganatse sei kwaniso yangu pachangu yekucherechedza nekudaira kuMweya Matsvene?

Kuwana rumwe ruzivo, enda ku[www.reliefsociety.lds.org](http://www.reliefsociety.lds.org).

© 2011 ne Intellectual Reserve, Inc. Ndiyo chete inekodzero dziripamutemo dzekushandiswa kwechinyorwa chino. Chakadhindwa muUSA. Mvumo yeMuchirungu: 6/10. Mvumo yekududzirwa: 6/10. Dudziro ye *Visiting Teaching Message, September 2011*. Shona. 09769 731